**Билгалдешнийн кхолладалар**

Ю.Д. Дешериевс нохчийн маттахь билгалдешнийн кхолладаларан шина некъ къастабо: 1) суффиксийн, дешхьалхенийн-суффиксийн.

Ткъа А.И. Халидовс хIара тайпа билгалдешнийн кхолладаларан некъаш билгалбоху: суффиксийн, чоьхьара флексийн, адъективаци (конверси), композитийн.

**Суффиксийн некъаца мухаллин билгалдешнийн кхолладалар**

**Суффикс -ие**. Суффикс -ие тIекхетарца мухаллин билгалдешнаш кхоллало цIердешнех, масала: безам – безамие, беркат – беркатие, гIиллакх – гIиллакхие. Бакъду, цхьадолчу билгалдешнийн схьадаларан лардан маьIна вайзаманахь къасто хала хуьлу: хьом-ие, кIоршам-ие.

**Суффикс -хь**. К.З. Чокаевс билгалдаккхарехь, суффикс -хь схьадалар меттигниг дожаран латтаман кепан формантера ду . И суффикс тIекхета -ие суффиксаца кхолладеллачу цIердешнашна, масала: безам-ие-хь, гIиллакх-ие-хь, куц-ие-куьц-ие-хь.

**Суффикс -за.** Суффикс -за керла билгалдешнаш кхуллуш тIекхета цIердешнашна: эхь – эвхьаза, барт – бертаза, мотт – маьттаза, чам - чаьмза

**Суффикс -ра**. Нохчийн маттахь масех мухаллин билгалдош ду -ра суффиксан гIоьнца билгалдешнийн лардех кхоллалуш: даккхий – даккхийра, кегий – кегийра. Иштта цIердешнех кхолладала а йиш йу суффикс -ра тIекхетарца мухаллин билгалдешнаш: хан – хенара. Шен схьадаларан лард къаста ца лучу мухаллин билгалдешнашкахь а хаало суффикс -ра : къо-ра, бука-ра, йо-ра, Iунка-ра, бIагIа-ра, сута-ра, къе-ра. Куцдешнашна суффикс -ра тIекхетарца а кхоллало мухаллин билгалдешнаш: улле – уллера, йуххе – йуххе-ра, лаккха – лаккхара, гена – генара, герга – гергара. Амма дукхха а йукъаметтигалин билгалдешнаш кхоллало цу суффиксан гIоьнца (хьажа: лахахь).

**Суффикс -ла**. К.З. Чокаевс йаздо: «Суффикс -ла шен шираллехь дIахьажориг дожаран формант йу» бохуш. Мухаллин билгалдешнаш кхуллуш суффикс -ла тIекхета цIердешнашна: дог – дегала, ницкъ – нуьцкъала, мах –

мехала. Гуш ма-хиллара, мухаллин билгалдешнашка доьрзуш цIердешнийн лардашкахь фонетически хийцамаш хуьлу.

**Суффикс -ха**. К.З. Чокаевн хетарехь, суффикс -ха хотталург дожаран формантан вариант йу. Цу суффиксан гIоьнца мухаллин билгалдешнаш кхоллало терахьдешнех а: цхьаъ – цхьалха, шиъ – шалха. Иштта А.И. Халидовс билгалдоккху -ха суффикс хандашна тIекхетарца кхолладелла х1ара билгалдош: хьога-ха.

**Суффикс -сиз // -саз**. Х1ара тайпана мухаллин билгалдешнаш кхолладелла цу суффиксан гIоьнца: гIора-сиз, сий-саза.

**Йукъаметтигаллин билгалдешнаш кхолладалар**

**Суффикс -ан // -ин // -ийн // // -ойн // -н.** Нохчийн меттан грамматикехь йукъаметтигаллин билгалдешнаш санна лору церниг дожаран доланиг дожаран кеп, масала: **-ан** (говр-ан дуьрст, нех-ан бIаьрг), **-ин** (гIал-ин урамаш), **-ийн** (несар-ийн барт, нохч-ийн мотт ), **-ойн** (ламар-ойн дахар, шуонойн йурт), **-н** (дай-н весет, лай-н амал).

**Суффикс -ра**. Суффикс -ра тIекхетарца йукъаметтигаллин билгалдешнаш кхоллало цIердешнех: йурт – йуьртара, малхбале – малбале-ра; куцдешнех: гена – генара, лаха – лахара, гонаха – гонахара.

**Суффикс -лера.** Суффикс -лера тIекхетарца йукъаметтигаллин билгалдешнаш кхоллало хенан куцдешнех: селхана –селханлера, тахана – таханлера, стохка – стохкалера; меттиган куцдешнех: цигахь – цигахьлера, кхузахь – кхузахьлера.

**Нохчийн маттахь адъективаци (конверси) хиларца билгалдешнаш кхолладалар**

Адъективаци хиларца билгалдешнаш кхолладалар нохчийн маттахь нисло причастешна адъективаци хиларца: даьржина хи, декхна де, йочане стигал, дерстана жижиг.

**Нохчийн маттахь композитийн некъаца билгалдешнийн кхолладалар**

Лардаш цхьаьнакхетараца билгалдешнийн кхолладалар шуьйра даьржина ду иберийско-кавказан меттанашкахь. Нохчийн маттахь чолхе

билгалдешнаш кхуллуш уггаре шуьйра дошкхолладаларан некъ композитийн бу.

Композитийн некъаца билгалдешнийн кхолладалар шина кепара хуьлу:

чолхе-цхьаьнакхетаран, чолхе-карара

**чолхе-карара тайпа**

**Къастаман компонентаца йукъаметтиг хиларца чолхечу билгалдешнийн чолхе-карара тайпа.** Ишттачу тайпанехь цхьа компонент къастаме хуьлу – цIердош, шолгIа компонент къастаман хуьлу - билгалдош: догкIеда, сацIена, чошера, догъIаьржа, бухсирла, куьгбехке.

**ЦIерниг дожаран цIердаша тIе причасти кхетарца билгалдош кхолладаларан тайпа**: А.И Халидовс ишттa билгалдешнаш билгалдоху цу тайпана кхолладеллачарах: бехкболу, ирсдолу, маршоьху, хьаштдолу.

**Дустург дожаран цIердаша тIе билгалдош кхетарца билгалдош кхолладаларан тайпа:** *шурул-кIайн, кIарул-Iаьржа, лилул-сийна, шал-шийла, шал-шера, бела-баьццара*.

**чолхе-цхьаьнакхетаран (копулятивни композиташ)**

Ишттачу дошкхолларан тайпанца кхолладелла билгалдешнаш кху кепара хуьлу: кIайн-меда, кIеда-мерза, цIен-къорза, таьIна-бора. Гуш ма-хиллара, чолхечу билгалдешан ший а компонент, шен къаьстана маьIна долуш а йу. Амма легадаларехь хьалхара компонент хийца ца ло, ткъа шолгIачунна лач дожаран -чу чаккхе тIеккхета. Ишттa церан лааме кепаш кхуллуш а суффикс -ниг шолгIачу копмонентана тIеккхета, легадаларехь изза шолгIа компонент бен лега а ца ло.

**редупликаци хиларца чолхе билгалдешнаш кхолладалар**

Редупликацица (лард йухакарлабаккхарца) чолхечу билгалдешнийн кхолладалар хуьлу йуьззана лард йухакарлайолуш а, йуьззана йоцуш а.

Йуьззана редупликаци: дика-дика, онда-онданиг, лекха – лекханиг, воккха-воккха, мерза-мерза.

Йуьззана йоцу редупликаци: тайп-тайпана, бес-бесара, дерст-дерстана.

Гуш ма-хиллара, йуьззанчу редупликацехь лард шалха йолу йуьззана,

цхьа а хийцам боцуш, ткъа йаццийнчу редупликацехь хьалхарчу компонентехь лард хадайо.

## Терахьдешнийн кхолладалар

### Масаллин терахьдешнийн кхолладалар

Нохчийн маттахь цхьанна тIера иттанна тIекхаччалц а, 100, 1000 долу терахьдешнаш схьадовлаза ду. Цхьайттанна тIера берхIиттанна тIекхаччалц долу масаллин терахьдешнаш кхоллало ши лард цхьаьна кхетарца: масаллин терахьдешан а, масаллин терахьдешан итт а (цхьаъ+итт – цхьайтта, шиъ+итт – шийтта). Масаллин терахьдешан 19 йаздар тахханалц башх-башха къастадора. Амма 2020 шарахь арайевллачу Нохчийн меттан нийсайаздаран коьрта бакъонаш цхьа кеп къастийна цу терахьдешан нийсайаздаран: *ткъоьсна*. Масаллин терахьдешнаш *шовзткъа, кхузткъа, дезткъа* кхоллало эцаран терахьдешнашна *шозза, кхузза, доьазза* тIе масаллин терахьдош ткъа кхетарца. Чолхе хIоттаман масаллин терахьдешнаш кхоллало масаллин терахьдешнаш цхьаьнадалорца*: ткъе дейта, исс бIе кхузткъе пхийтта*.

### РогIаллин терахьдешнаш

Нохчийн маттахь рогIаллин терахьдешнаш кхоллало масаллин терахьдаша тIе суффикс -(а)лгIа кхетарца: шиъ – шолггIа, кхоъ – кхолгIа, диъ – доьалгIа. **Цхьаъ** бохучу терахьдашах рогIаллин терахьдош кхоллало суплетивни – **хьалхара**.

### Гулдаран терахьдешнаш

Гулдаран терахьдешнаш ду *ший а, кхоь а, иттиē а* иштта дIа кхин а. Амма билгалдаккха дезаш ду, шайн морфологически билгалонаш а йолуш, гулдаран терахьдешнаш цахилар. Цу терахьдешнийн маьIна масаллин терахьдошший, *а* хуттурггий цхьаьнакхетарца билгалдоккху нохчийн маттахь. Гулдаларан терахьдешнийн маьIна билгалдаккха йиш яц *ткъа, бIе, эзар* бохучу терахьдешнех.

### Эцаран терахьдешнаш

Эцаран терахьдешнаш кхоллало **-зза, -азза** суффиксийн гІоьнца муьлххачу а масаллин терахьдашах. Масала: *кхоъ - кху-зза, бархI - бархI-азза.* Амма масаллин терахьдашах *цхьаъ* - ша-тайпа кхоллало эцаран терахьдешан кеп. Масала: *цхьаъ -цкъа.*

**Эцаран рогІаллин терахьдешнаш**

Эцаран терахьдешнех ша-тайпа рогІаллин терахьдешнийн кеп а кхоллало -лагІа суффиксан гІоьнца: *шозлагІа, пхоьазлагІа*.

**Декъаран терахьдешнаш**

Декъаран терахьдешнаш а муьлххачу а масаллин терахьдашах кхолладала йиш ю. Масала: *цаI - цхьацца, шиъ -шишша, кхоъ - кхоккха, диъ — диъ-диъ, пхиъ - пхиппа, йалх -йалх-йалх, итт - итт-итт.* Декъаран терахьдешнаш кхолладаларан коьрта некъ - терахьдешан лард шалха ялар бу: *ворхI-ворхI, исс-исс.*

ХIоттамечу терахьдешнех декъаран кеп кхоллалуш шалха долуш дерг тIаьххьара дакъа ду: **ткъе итт-итт, бIе шовзткъе исс-исс**.

*Кхузткъа, шовзткъа, дезткъа* бохучу терахьдешнех декъаран кеп кхоллалуш шалха долу хьалхара диллина дешдакъа. Масала: *шо-шовзткъа, кху-кхузткъа, де-дезткъа.*

Ша-тайпа кхоллало эцаран терахьдешнаш хьалхарчу кхаа терахьдешнех а, *пхиъ, ткъа* бохучу терахьдешнех а. Масала: *цхьацца, шишша, кхоккха, пхиппа, ткъатткъа.* Цу терахьдешнийн декъаран кеп кхоллалуш, шолгIачу лардан йуьхь мелла-а цхьалхе йолу, амма йуьхьаьнцара мукъаза аз шалха долу: *пхи-ппа, ши-шша, кхо-ккха, ткъа-тткъа*.

**Билгалза-масаллин терахьдешнаш**

Билгалза-масаллин терахьдешнаша масалла йуьззана билгал ца йо. Уьш кхоллало хьалха-тIаьхьа догIучу масаллин терахьдешнийн цхьаьнакхетарх.

Масала: *цхьа-шиъ, ши-кхоъ, кхо-диъ, диъ-пхиъ, пхиъ-йалх, йалх-ворхI, ворхI-бархI, бархI-исс, исс-итт, итт-цхьайтта.*

Билгалза-масаллин терахьдешнаш кхолладаларехь дакъа лоцу цхьалхечу а, чолхечу а терахьдешнаша. Билгалза-масаллин терахьдешнаш кхоллалуш, масаллин терахьдешнийн цхьаьнакхетар кху кепара хуьлу:

1. *Цхьанна* тIера *пхиъ* йукъа лоцуш *(диъ* йуккъера долу) долчу терахьдешнийн лаамаза кеп шена тIехьа догIучу терахьдешан лаамечу кепаца цхьаьнакхетарца (масалшка лакхахь хьажа; *цхьа-шиъ, ши-кхоъ, кхо-диъ, пхи-йалх,* амма: *диъ-пхиъ).*

2. *Йалханна* тIера *итт* йуккъелоцуш долчу терахьдешнех тIаьхьа-хьалха догIуш долу ши терахьдош цхьаьнакхетарца.

Масала: *ворхI-бархI, исс-итт.*

3. *Цхьайттанна* тIера *берхIиттанна* тIе кхаччалц долчу чолхе терахьдешнех тIаьхьа-хьалха догIуш долу ши терахьдош цхьаьнакхетарца. Масала: *цхьайтта-шийтта.* Амма цхьалхе терахьдош *итт* а, чолхе терахьдош *цхьайтта* а цхьаьнакхетарца а кхоллало билгалза-масаллин терахьдош: *итт-цхьайтта.*

4. Терахьдешнийн *шовзткъа, кхузткъа, дезткъа* цхьаьнакхетарца: *шовзткъа-кхузткъа, кхузткъа-дезткъа.* Кхузахь гуш ма-хиллара, билгалза-масаллин терахьдешнаш кхуллуш, тIаьхьа-хьалха догIурш дуьззина *ткъаннаш* ду.

Вай билгалдаьхначу билгалза-масаллин терахьдешнел сов кхин шиъ билгалза-масаллин терахьдош ду нохчийн маттахь шайн кепаца а, лаамаза кеп шайн цахиларца а къаьсташ: *иттех, ткъех*.